# BATÍS EVROPA KLASSICIZM DÁWIRINDE SKRIPKA ÓNERI: MEKTEPLER HÁM USÍLLAR

**Liza Paxratdinova** – *úlken oqıtıwshı*
paxratdinovaliza@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

# ИСКУССТВО СКРИПКИ В ЗАПАДНОЙ ЕВРОПЕ В ПЕРИОД КЛАССИЦИЗМА: ШКОЛЫ И МЕТОДЫ

**Лиза Пахратдинова** – *старший преподаватель*
*Нукусский филиал Государственной консерватории Узбекистана*

# VIOLIN ART IN WESTERN EUROPE DURING THE CLASSICAL PERIOD: SCHOOLS AND METHODS

**Liza Pakhratdinova** – *senior lecturer*
*Nukus Branch of the Uzbekistan State Conservatory*

**Tayanısh sózler:** skripka, klassicizm, italyan mektebi, francuz mektebi, Viotti, Kreyser, smıchok (jay) texnikası, Parij konservatoriyası, skripka pedagogikası, sonata, koncert.

**Rezyume.** Bul maqalada Batıs Evropa klassicizm dáwiri (shama menen 1750-1830-jıllar) skripka óneriniń tiykarǵı mektepleri hám atqarıw usılları ilimiy tárepten talqılanadı. Izertlewde italyan (Kremer, Viotti), francuz (Gavinie, Rode, Kreyser, Bayyo), nemis-avstriya (Mayseder, Shpor) hám chex (Stamic, Beneda) mektepleriniń ózine tán texnikalıq hám estetikalıq ózgeshelikleri, olardıń qáliplesiw tariyxı jáne bir-birine tásiri kórip shıǵıladı. Klassicizm dáwirinde skripka pedagogikasınıń sistemalasıwı – ásirese Parij konservatoriyasınıń shólkemlestiriliwi (1795) hám birinshi standartlastırılǵan sabaqlıqlardıń jaratılıwı – ayrıqsha itibar menen talqılanadı. Sonday aq, maqala skripka konstrukciyasınıń jetilisiwi hám smıchok (jay) texnikasınıń rawajlanıwın da úyrenedi.

**Ключевые слова:** скрипка, классицизм, итальянская школа, французская школа, Виотти, Крейсер, техника дуги, Парижская консерватория, скрипичная педагогика, соната, концерт.

**Резюме.** В данной статье проводится научный анализ основных школ и исполнительских стилей скрипичного искусства периода западноевропейского классицизма (ок. 1750–1830 гг.). В исследовании рассматриваются специфические технические и эстетические особенности итальянской (Кремер, Виотти), французской (Гавиние, Роде, Крейцер, Байё), немецко-австрийской (Майцедер, Шпор) и чешской (Стамиц, Бенеда) школ, история их формирования и взаимовлияния. Систематизация скрипичной педагогики в период классицизма – особенно создание Парижской консерватории (1795) и создание первых стандартизированных учебников – анализируется с особым вниманием. В статье также рассматривается совершенствование конструкции скрипки и развитие техники дуги.

**Key words:** violin, Classicism, Italian school, French school, Viotti, Kreutzer, bow technique, Paris Conservatoire, violin pedagogy, sonata, concerto, Spohr.

**Summary.** This article offers a systematic comparative analysis of the principal violin schools and performance styles of Western European Classicism (c. 1750–1830). The study examines four major national schools – Italian (Viotti, Nardini), French (Rode, Kreutzer, Baillot), German-Austrian (Spohr, Mayseder), and Bohemian (Stamitz, Benda) – with respect to their aesthetic orientations, technical emphases, and pedagogical contributions. Special attention is paid to the foundation of the Paris Conservatoire (1795) and the publication of the Méthode de violon (Rode–Kreutzer–Baillot, 1803) as defining moments in the codification of violin pedagogy. The evolution of bow technique following Tourte's redesign, the systematisation of bowing strokes and left-hand positions, and the development of the concerto and sonata genres are discussed as interconnected dimensions of the period's artistic progress. The article further addresses the cross-school exchange that culminated in a shared European violin language by the early Romantic era, and considers the relevance of this legacy for contemporary violin teaching in Uzbekistan.

Klassicizm – Batıs Evropa mádeniyatında XVIII ásirdiń ortaları hám XIX ásirdiń basların qamtıp alıwshı keń ideologiyalıq-estetikalıq aǵım bolıp, antik grek hám rim kórkem ónerine múrájat etiw, tártip, teńsalmaqlılıq, anıqlıq hám universal gózzallıq ideallarına súyeniwi menen ajıralıp turadı. Muzıka tarawında bul dáwir simfonizm, sonata-simfoniya cikli hám kamera muzıkasınıń gúllegen dáwiri sıpatında táriyplenedi; Yozef Gaydn, Volfgang Amadey Mocart hám Lyudvig van Betxovenniń dóretiwshiligi bul dáwirdiń eń joqarı shıńların belgileydi.

Skripka bolsa klassicizm dáwirinde professional koncert saxnasınıń orayında – «sazlar malikası» sıpatında bekkem orın iyeledi. Barokko dáwirinde de skripka jetekshi rol oynaǵan bolsa da, klassicizm onı jańa dárejege kóterdi: oǵan arnap jazılǵan koncertler, sonatalar hám kamera shıǵarmalarınıń sanı keskin astı; solist-virtuoz sıpatı jámiyette jańa mártebege iye boldı; oqıw hám pedagogikalıq ádebiyatlar sistemalastırıldı.

Klassicizm dáwirinde skripka kórkem óneri geografiyalıq jaqtan da keń tarqaldı: Italiyadan Franciyaǵa, ol jerden Germaniya hám Avstriyaǵa, keyin pútkil Evropaǵa jayılıp ketti. Usı process dawamında bir-birinen parıqlanatuǵın milliy mektepler payda boldı – olardıń hár biri ózine tán texnikalıq hám kórkemlik sistemaǵa iye edi. Bul maqala mine usı mekteplerdi hám olardıń atqarıw usılların salıstırmalı talqılawǵa baǵıshlanǵan.

Izertlewdiń ilimiy jańalıǵı sonda, Batıs Evropa skripka mektepleriniń klassicizm dáwirindegi salıstırmalı analizi Ózbekstan muzıka iliminde ele jetkilikli dárejede úyrenilmegen tema esaplanadı. Bul maqala usı boslıqtı toltırıwǵa hám jergilikli muzıka bilimlendiriwinde skripka pedagogikasın tereńlestiriwshi ilimiy tiykarlar jaratıwǵa úles qosadı. Barokko dáwiriniń quramalı kontrapunkt hám ornamentikaǵa tiykarlanǵan usılınan klassicizm usılına ótiw skripka atqarıwshılıǵına da tereń tásir kórsetti. Barokkonıń joqarı belbew tutıwı, juwan tarları hám quramalı ornamentika dástúri ornına klassicizm ápiwayılıq, anıqlıq, melodiyanıń ústinligi hám jańa dinamikalıq kórsetiw imkaniyatların birinshi orınǵa qoydı.

Texnikalıq jaqtan bul dáwir bir neshe áhmiyetli ózgerislerdi alıp keldi. Birinshiden, smıchok (jay) konstrukciyası túpten qayta islendi: barokko smıchogı ishke qaray iyilgen bolsa, francuz sheberi Fransua Turt (François Tourte, 1747-1835) tárepinen jaratılǵan zamanagóy smıchok sırtqa qaray iyilgen, awırlıq orayı ózgertilgen hám nátiyjede birqansha kúshli, tártipli hám dinamikalıq jaqtan hár qıylı ses shıǵarıw imkaniyatı payda boldı. Ekinshiden, skripkanıń ózi de ózgertildi: moynı uzaytıldı, kishi kópirlik biyikletildi, ásbabtıń ulıwma keriliwi arttırıldı – bul úlken koncert zallarında dawıslanıw talabına juwap beretuǵın edi[1].

Estetikalıq jaqtan bolsa skripkashı endi tek ansambl yamasa orkestrdegi qatnasıwshı emes, bálkim ǵárezsiz solist – óz saxnasındaǵı ornına iye bolǵan virtuoz sıpatında kóz aldımızǵa kele basladı. Bul ózgeris skripka koncerti janrınıń gúllep-jasnawında ayqın kórinedi: tek bir ásir ishinde júzlegen jańa koncertler jaratıldı.1795-jılı shólkemlestirilgen Parij milliy konservatoriyası Evropa muzıka bilimlendiriwinde revolyuciyalıq burılıs boldı. Francuz revolyuciyası ideyalarınan ilhamlanǵan bul mákeme barlıq qatlamlardan shıqqan qábiletli jaslarǵa birdey sapalı bilim beriw principin ortaǵa tasladı. Skripka baǵdarında birinshi muǵallimler qatarına Puanyani, Gavinie, Leklyerdiń shákirtleri kirdi. Konservatoriya shólkemlestirilgennen soń, 1803-jılı Rode, Kreyser hám Bayyo birgelikte «Skripka oqıtıw metodı» sabaqlıǵın jarattı. Bul dóretpe – muzıka pedagogikası tariyxındaǵı birinshi keń kólemli, sistemalı skripka sabaqlıǵı – texnika, ton payda etiw, smıchok (jay) texnikası hám muzıkalıq bayanlawdı bir pútin sistema sıpatında súwretlep, pútkil Evropada standartqa aylandı. Konservatoriya hám bul sabaqlıq klassitsizm dáwirinde skripka oqıtıwdıń akademiyalıq tiykarların belgilep berdi.

Italiya - skripka kórkem óneriniń tariyxıy watanı. Kremonadan shıqqan Amati, Stradivari, Guarneri sıyaqlı sazbendler jaratqan muzıka ásbapları XVII-XVIII ásirlerde pútkil Evropaǵa tarqaldı. Klassitsizm dáwirinde italyan mektebiniń jetekshi wákili dep Djovanni Battista Viotti (1755-1824) esaplanadı. Ol óz ustazı – barokko atqarıwshısı Gaetano Punyanyadan tálim alıp, usınıń menen barokkodan klassitsizmge tikkeley kópir wazıypasın atqardı.

Viottiniń 29 skripka koncerti klassitsizm dáwiriniń eń áhmiyetli dóretpeleri qatarına kiredi. Onıń usılına tómendegi ózgeshelikler tán: keń, kantilena (qosıq sıyaqlı) melodika; jay texnikasında kúshli detashe hám martele shtrixlarınan paydalanıw; úlken dinamikalıq kontrastlar; sonata allegrosı formasında ornatılǵan anıq arxitektonika. Viotti Franciyada uzaq jıllar dóretiwshilik etti hám usılayınsha italyan mektebiniń francuz mektebine tikkeley tásiri ámelge asırıldı – onıń shákirtleri arasında Rode hám Bayyo bar edi.

Basqa áhmiyetli italyan wákilleri: Petro Nardini (1722-1793) – názik lirikalıq usılı menen belgili; Antonio Lolli (1730-1802) – virtuozlıq effektlerin birinshi bolıp keń qollanǵan; Gaetano Bruni (1756-1821) – Franciyada iskerlik kórsetken kompozitor-atqarıwshı. Olardıń dóretpeleri klassitsizm dáwirinde Italiya mektebiniń garmoniyalıq bay hám melodiyaǵa tiykarlanǵan estetikasın dawam ettirdi[2].

Klassitsizm dáwirinde francuz mektebi Evropa skripka atqarıwshılıǵınıń haqıyqıy orayına aylandı. Bul mektep Viottidiń tikkeley pedagogikalıq tásirinde qáliplesti hám XIX ásirdiń birinshi yarımında dúnyanıń eń abıraylı skripka mektebi sıpatında tán alındı. Onıń tiykarǵı wákilleri – Per Gavinie, Jan-Mari Lekler, Per Rode, Rodolf Kreyser hám Jan-Batıst Bayyo. Per

Rode (Pierre Rode, 1774-1830) Viottidiń eń jaqın shákirti bolıp, onıń atqarıw usılın tolıq ózlestirdi hám keyin ala Parij konservatoriyasında skripka professorı boldı. Rodeniń 24 kaprisi dúnyanıń barlıq skripka mekteplerinde búgingi kúnge shekem oqıw repertuarınıń tiykarģı bólegin quraydı. Onıń koncertleri hám sonatalarında keń tınıslı, simfoniyalıq pikirllewge tán qatnas anıq seziledi. Rodolf Kreyser (Rodolphe Kreutzer, 1766-1831) – skripka pedagogikasına eń úlken úles qosqan atqarıwshı-pedagog. Onıń 42 etyudı búgingi kúnde de barlıq joqarı muzıka bilimlendiriw mákemelerinde májbúriy baģdarlama esaplanadı. Betxoven óziniń dańqlı A-dur sonatasın (op. 47) tap Kreyserge baģıshladı hám ol «Kreyser sonatası» atı menen tariyx betlerinen orın aldı.

Jan-Batıst Bayyo (Giovanni Battista Viottistiń shákirti, 1771-1842) mektep jaratıwshı pedagog sıpatında Franciya skripka tálimin bir áwlad dawamında qáliplestirdi. Onıń «Skripka oqıtıw metodı» Rode hám Kreyser menen birgelikte jaratılǵan bolsa da, tiykarģı tekstti Bayyo jazǵan dep esaplanadı. Bayyo 1821-jıldan ómiriniń aqırına shekem Parij konservatoriyasında sabaq berdi. Francuz mektebiniń ulıwma estetikalıq ózgeshelikleri: anıqlıq hám taza intonaciyaǵa ayrıqsha itibar; jay texnikasınıń júdá rawajlanǵanlıǵı; kantilena usılında lirikalıq kórkem bayanlawdıń ústinligi; teatr saqnası mádeniyatı hám koncert kórkemligine úlken itibar; kamera hám simfoniyalıq muzıka menen tıǵız baylanıslı bolıwı.

Germaniya hám Avstriyada skripka kórkem-óneri biraz basqasha jolda rawajlandı. Bul mektep Baxtıń polifoniyalıq dástúri, Vena klassitsizminiń simfoniyalıq oy-pikirin hám protestant muzıka mádeniyatınıń ózine tán ruwxıy tereńligin ózinde jámlestirdi. Yozef Mayseder (Joseph Mayseder, 1789-1863) - Vena mektebiniń jetekshi wákili. Jas Betxovenniń atqarıwshılıǵın jeke ózi esitken Mayseder Vena jámiyetinde salon hám koncert muzıkasınıń belgisine aylandı. Onıń shıǵarmaları náziklikti hám Vena klassitsizmine tán ziyalılıqtı ózinde sáwlelendiredi.

Lyudvig Shpor (Louis Spohr, 1784-1859) - nemis mektebiniń tulǵası. Ol tek óz zamanınıń ullı skripkashısı ǵana emes, al áhmiyetli kompozitor hám original pedagog edi. Onıń "Skripka mektebi" (Violinschule, 1831) shıǵarması nemis skripka pedagogikasınıń tiykarģı qollanbasına aylandı hám Rode-Kreyser-Bayyo metodına alternativ sistema sıpatında qabıl etildi. Shpor smıchoktı alaqan menen uslaw texnikasın jańa principler tiykarında qayta kórip shıqtı hám barmaqtıń smıchoktaǵı háreketin tereń ilimiy talqıladı. Onıń 15 skripka koncerti hám kóplegen kamera shıǵarmaları sol dáwirdiń eń quramalı hám bay dóretiwshilik miyrası esaplanadı. Nemis-Avstriya mektebi francuz mektebine salıstırǵanda biraz kóbirek polifoniyalıq faktura hám garmoniyalıq tereńlikke, kemirek virtuoz effektlerge umtılıwı menen parıqlanadı. Bul mektep keyin ala Yoaxim, Bramc, Kreysler arqalı óz tásirin XX ásirge shekem dawam ettirdi.

Yan Stamic (Johann Stamitz, 1717-1757) Manngeym orkestri menen birgelikte klassikalıq simfonizm hám skripka texnikasınıń rawajlanıwına úlken tásir kórsetti. Manngeym orkestri óz dáwiriniń eń tártipli hám texnikalıq jaqtan jetik ansambli edi; Stamic bul orkestrdi hám atqarıwshı, hám pedagog sıpatında basqarıp, crescendo hám dinamikalıq shtrixlardıń sistemalı qollanılıwına tiykar saldı.

Frantishek Benda (Franz Benda, 1709-1786) Berlinde Fridrix II sarayında uzaq jıllar xızmet kórsetti. Onıń lirikalıq, sentimental usılı "galant" stiliniń skripkadaǵı eń jaqsı úlgisi esaplanadı. Benda geyde improvizaciyalıq jaqtan keń bolǵan kadenciyaları menen de belgili. Chex mektebiniń ózine tán ózgesheligi - muzıka bilimlendiriwine demokratiyalıq qatnas, hár qıylı sociallıq qatlamlardan talantlardı oqıtıwǵa tayarlıq hám bir waqıttıń ózinde kamera hám orkestr muzıkasında belsene qatnasıw edi[4].

Klassitsizm dáwirinde smıchok (jay) texnikası áhmiyetli rawajlanıw jolın basıp ótti. Joqarıda aytıp ótilgen Fransua Turet smıchoki (jay) bul rawajlanıwdıń materiallıq tiykarı boldı. Jaydı uslap turiw usılında da bir neshe mekteptiń rawajlanıwı baqlandı: italyan mektebi jaydı bel súyegi janında uslasa, francuz mektebi jaydı sál tómenirek uslap, barmaqlardıń rolin kúsheytti. Shpor bolsa jay tutıwdıń úshinshi - nemis usılın táriyiplep, oni óziniń "Violinschule" shiǵarmasında tolıq bayan etti.

Shtrix texnikasında tómendegi áhmiyetli usıllar klassitsizm dáwirinde sistemaǵa keltirildi: detaché (hárbir ses óz aldına doǵa háreketi menen); martele (qattı, jerden úzilip ótetuǵin shtrix); spiccato (doǵa tardan sekirip ótetuǵin jeńil shtrix); legato (bir doǵa háreketinde birneshe ses); col legno (doǵanıń agash bólegi menen shertiw - bul dáwir aqırında qollanıla baslagan). Bul shtrixlardı sistemalı klassifikaciyalaw hám pedagogikalıq maqsetlerde oqitiw birinshi márte Rode-Kreyser-Bayyo metodında ámelge asırıldı.

Sol qol texnikasında da sezilerli rawajlanıw baqlandı. Barokko dáwirinde tiykarınan birinshi hám ekinshi poziciyada gana atqarilgan bolsa, klassitsizm hám ásirese romantizm aldında úshinshi-besinshi hám joqarı poziciyalarda erkin háreket etiw normaga aylandı. Viotti hám Rode óz koncertlerinde joqarı poziciyalardı sınaqtan ótkerdi; Shpor óz mektebinde poziciyalar boyınsha sistemalı shınıǵıwlar sistemasın islep shıqtı.

Vibrato texnikası klassitsizm dáwirinde anıq emes statusqa iye bolgan - ayırım mekteplerde ol ornament (bezew) sipatında qaralsa, basqalarında turaqlı ton sipatın qáliplestiriwshi usil sipatında qollanilgan. Francuz mektebi vibraciyanı sistemalastırıwǵa kóbirek umtıldı, al nemis mektebi tegis emes vibratonı, kóbinese estetikalıq sebeplerge baylanıslı, sheklep qoydı.

Klassitsizm dáwirinde skripka koncerti hám sonatasi janrlar sipatında óziniń klassikalıq formaların taptı. Úsh bólimnen ibarat koncert cikli (allegro - adagio yamasa largo - rondo yamasa allegro vivace) standartqa aylandı. Birinshi bólimdegi kadenciya - atqarıwshılıq virtuozlıǵın kórsetiwshi improvizaciyalıq moment - áhmiyetli saxna hádiysesine aylandı. Dáslep atqarıwshı ózi kadenciya oylap tapqan bolsa, keyinirek kompozitorlar da óz kadenciyaların jaza basladı. Skripka sonatası tarawı da bayidı: piano-forte menen skripka teńligi principi (ásbap penen skripkanıń teń huqıqlıǵı) kamer muzıkasında jańa paradigmaǵa aylandı. Betxovenniń skripka sonataları (ásirese "Kreyser" hám "Báhár" sonataları) bul janrdı filosofiyalıq tereńlik hám dramalıq kúshtiń jańa basqıshına alıp shıqtı.

Klassitsizm dáwiri skripka mekteplerin bir-birinen pútkilley ajıralǵan qubılıs sıpatında qaraw durıs bolmaydı. Kerisinshe, olar arasında turaqlı hám nátiyjeli ózara tásir bar edi. Italiyalı Viotti Parijde uzaq jillar jasap, francuz mektebine tiykar saldı. Francuz Rode 1803-1808-jılları Sankt-Peterburgta xizmet kórsetip, rus skripka mektebine tiykar saldı. Nemis Shpor Londonǵa, Italiyaǵa hám pútkil Evropaǵa koncert saparların ámelge asırdı. Bul mektepler aralıq qarım-qatnastıń eń áhmiyetli nátiyjesi klassitsizm dáwiriniń aqırına kelip Evropa skripka óneriniń "ulıwma til"in islep shiǵiwi edi. Birinshi iri xalıq aralıq koncert virtuozları payda boldı - olar bir milliy mektepke baylanıslı bolmay, hár qıylı mektepler dástúrlerin ózinde jámlegen halda dóretiwshilik etti. Bul tendenciya XIX ásirde Paganini, Venyavskiy, Jozef Yoaxim sıyaqlı titan atqarıwshılardıń payda bolıwına tiykar jarattı [5].

Sonday aq, bul dáwir mektepleriniń ózara tásiri tek atqarıw texnikası sheńberinde emes, al repertuar almasıwında da kórindi.

Francuz atqarıwshıları italyan hám nemis shıǵarmaların atqardı; nemis mektebi wákilleri Kreyser etyudların májbúriy baǵdarlama sıpatında qabıl etti. Bul bolsa Evropa skripka táliminiń ulıwma akademiyalıq miyrasınıń qáliplesiwine úles qosti.

Ózbekstanda akademiyalıq skripka tálimi XX ásirdiń birinshi yarımında Sovet dáwiri konservatoriya siteması arqalı qáliplesti. Tashkent mámleketlik konservatoriyası (1936-jili shólkemlestirilgen) hám keyin ala Ózbekistan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı oqıw baǵdarlamalarında Batıs Evropa klassitsizm dáwiri miyrasına ayrıqsha orin berilgen[6].

Kreyserdiń 42 etyudi, Rodeniń 24 kaprisi hám Bayyo metodı tásirinde islep shıǵılǵan oqıw baǵdarlamaları Ózbekstan skripka pedagogikasınıń da tiykarın quraydı. Biraq sońǵı jılları ózbek muzıka ilimpazları milliy saz ásbapları dástúri menen Batıstıń klassikalıq tálimin uyǵınlastırıwdıń jańa jolların izlemekte. Mısalı, ózbek xalıq namaların skripkada akademiyalıq usılda atqarıw, maqam intonaciyaların klassikalıq skripka texnikasına beyimlestiriw baǵdarındaǵı izertlewler artıp barmaqta. Usı kontekstte Batıs Evropa klassicizm dáwiri skripka mekteplerin tereń úyreniw Ózbekstan skripka tálimi hám atqarıwshılıǵın jáne de rawajlandırıw ushın zárúr metodologiyalıq tiykar wazıypasın atqaradı [7].

Klassicizm dáwiri Batıs Evropa skripka ónerin analizlew tómendegi áhmiyetli juwmaqlarǵa keliwge imkan beredi:

– Italiya mektebi (Viottiniń bas wákili sıpatında) klassicizm skripka kórkem-óneriniń katalizatorı bolıp xızmet etti hám tikkeley francuz mektebine tiykar saldı. Kantilena usılı hám keń shtrix texnikası bul mekteptiń tiykarǵı miyrasın quraydı.

– Francuz mektebi (Rode, Kreyser, Bayyo) skripka pedagogikasın birinshi márte akademiyalıq sistemaǵa keltirdi. Parij konservatoriyası hám Rode-Kreyser-Bayyo metodınıń tásiri búgingi kúnde de pútkil dúnyada sezilip turadı.

– Nemis-Avstriya mektebi (Shpor, Mayceder) skripka atqarıwshılıǵına polifoniyalıq tereńlik hám ruwxıy salmaqlılıq baǵıshladı; Shpordıń "Violinschule" shıǵarması francuz metodına alternativ akademik qollanba sıpatında mekteplerdiń plyuralizmin támiyinledi.

– Chex mektebi (Stamic, Benda) Manngeym orkestri arqalı simfoniyalıq atqarıw mádeniyatın hám dinamikalıq shtrixlardı rawajlandırıp, Evropa koncert ámeliyatına áhmiyetli úles qostı.

– Bul mektepler arasındaǵı turaqlı ózara tásir nátiyjesinde klassicizm dáwiriniń aqırına kelip ulıwma Evropa skripka óneriniń "ulıwma tili" qáliplesip, XIX ásirdegi romantik virtuozlardıń jolın asıp berdi.

– Ózbekstan skripka tálimi ushın Batıs Evropa klassicizm mektepleriniń miyrasın tereń úyreniw pedagogikalıq sapasın asırıwshı áhmiyetli metodologiyalıq tiykar esaplanadı.

Usı izertlew Batıs Evropa skripka mekteplerin tariyxıy-salıstırmalı usılda analiz etetuǵın kompleks ózbek tilindegi ilimiy jumıslardıń joq ekenligi mashqalasına itibar qaratadı. Keleshektegi izertlewler ushın aktual baǵdar sıpatında tómendegiler usınıs etiledi: Ózbekstan skripka mektebiniń qáliplesiwinde Evropa klassicizm dástúrleriniń rolin úyreniw; milliy hám klassikalıq akademiyalıq atqarıw usıllarınıń sintez imkaniyatların izertlew; hám de klassicizm dáwiri kamera repertuarların jergilikli koncert ámeliyatına jáne de keńirek tartıw kerekligi itibarǵa alıw kerekligi atap ótiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Flesch, C. (1923). Die Kunst des Violin-Spiels. Berlin: Ries & Erler. The Art of Violin Playing, English tr. 1924

2. Milsom D. (2003). Theory and Practice in Late Nineteenth-Century Violin Performance. Aldershot: Ashgate.

3. Rode P., Kreutzer, R., & Baillot, P. (1803). Méthode de violon. Paris: Conservatoire de Musique.

4. Rosen C. (1976). The Classical Style: Haydn, Mozart, Beethoven. New York: W. W. Norton.

5. Spohr L. (1831). Violinschule. Wien: Haslinger. [Violin School, English tr. 1843]

6. Ashrapov A. (2018). Musiqa pedagogikasi va ijrochilik san'ati. Toshkent: Davlat konservatoriyasi nashriyoti.

7. Rajabov I. (2015). O'zbek klassik musiqasi: nazariya va amaliyot. Toshkent: Fan.